

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Dina Permendikbud Nomor 24 Tahun 2014 ngeunaan KIKD Pangajaran dina Kurikulum 2013 disebutkeun yén kompeténsi inti mangrupa tingkat kamampuh pikeun ngahontal standar kompeténsi lulusan anu kudu dipiboga ku siswa dina unggal tingkatan kelas (Dinas Pendidikan, 2017, kc. 33). Ari kompeténsi dasar mangrupa kamampuh jeung materi pangajaran minimal anu kudu dihontal ku siswa pikeun hiji materi pangajaran séwang-séwangan satuan pendidikan anu nyoko kana kompeténsi inti. Kompeténsi inti jeung kompeténsi dasar pangajaran basa Sunda nyaéta program pikeun ngajembarkeun pangaweruh, kaparigelan basa, jeung sikep positif kana basa jeung sastra Sunda (Dinas Pendidikan, 2017, kc. 33).

Fungsi kompeténsi inti jeung kompeténsi dasar nyaéta salaku acuan pikeun guru-gruru di sakola dina nyusun kurikulum pangajaran Basa jeung Sastra Sunda. Ku kituna, aspék-aspék kamekaran pangaweruh, kaparigelan, sarta sikep makéna basa jeung sastra Sunda programna bisa diréalisasikeun sacara gembleng.

Dina nyusun kompeténsi inti jeung kompeténsi dasar tangtu dumasar tinimbangan kalaungguhan basa Sunda salaku basa wewengkon. Tina ieu tinimbangan, balukar kana fungsi pangajaran basa Sunda salaku (1) sarana pembinaan sosial budaya régional Jawa Barat; (2) sarana ngaronjatna pangaweruh, kaparigelan, jeung sikep pikeun ngahontal jeung mekarkeun élmu pangaweruh, téknologi, jeung seni; (4) sarana ngabakukeun jeung nyiarkeun pamakéan basa Sunda pikeun sagala rupaning kabutuhan; (5) sarana mekarna nalar; sarta (6) sarana maham ragam budaya daerah (Sunda) (Lokal, 2017, kc. 33).

Tinimbangan di luhur mangaruhan ogé kana tujuan pangajaran basa Sunda anu leuwih nyoko kana kompeténsi pangaweruh jeung kaparigelan. Ieu hal dilarapkeun di unggal jenjang kelas jeung sakola. Misalna waé di kelas VIII SMP aya matéri ngeunaan laporan kajadian, kompeténsi nu kudu dihontal nyaéta:

4.8 Menyusun dan menanggapi laporan peristiwa dengan memperhatikan keruntutan kalimat dan kesantunan berbahasa

Laporan kajadian mangrupa hiji keterangan ngeunaan kajadian atawa hal anu ditulis dumasar data, fakta, jeung keterangan anu ngawengku kajadian atawa éta hal. Karangan laporan kajadian diébréhkeun maké basa tinulis. Ku kituna, basa anu dipaké kudu merenah tur gampang dipikaharti ku nu maca. Hartina, tata kecap jeung tata kalimah anu digunakeun kudu ngadumanis.

Istilah tata kecap diwangun ku dua kecap, nyaéta tata ‘bérés, aturan, kaédah’ jeung kecap (Sunda buhun: *kcep*) ‘ucap, omong’. Saujratna mah tata kecap téh mangrupa aturan atawa kaédah ngawangun kecap. Ku kituna, sok disebut tata wangun kecap. Tata kecap mangrupa salasahiji bagian tina tata basa, anu maluruh kecap, cara ngawangunna, selang surupna, sarta patula patalina kana harti jeung warna kecap. Lebah dieu katangén yén tata kecap téh maluruh katut unsur-unsur pangwanguetta. Cindekna, tata kecap téh ngulik jeung medar perkara adegan kecap katut cara ngawangunna.

Ulikan tata kecap ngawengku dua hal utama, nyaéta wangun kecap jeung wanda kecap. Ari pedaranana diadumaniskeun sarta ngurung perkara (1) kecap, (2) kecap barang (nomina), (3) kecap pagawéan (vérba), (4) kecap sipat (adjéktiva), (5) kecap wilangan (numéralia), jeung (6) kecap pancén (partikel).

Dina prak-prakan makéna basa, teu salawasna pamaké basa, hususna siswa SMP ngagunakeun basana kalawan bener tur merenah. Ieu hal katilik dina sababaraha masalah anu kapanggih di sakola. *Kahiji*, nurutkeun Sidiq (2017, kc. 5), kamampuh nulis karangan pangalaman pribadi siswa kelas VII SMP Negeri 10 Bandung nyaéta 49, hartina aya dina tahap anu handap. Nyoko kana pamadegan Arikunto (2007, kc. 254) yén dina nulis hiji karangan aya tingkatanna dumasar skor. Ari peunteun 40-55 aya dina tingkat anu handap.

Kadua, patali jeung gaya hirup siswa jaman kiwari dina ngagunakeun basa. Lidiasari (2016, kc. 2) nandeskeun yén siswa jaman kiwari leuwih reueus ngagunakeun basa deungeun tibatan basa daerahna. Lian ti éta, basa panganteur anu digunakeun dina pangajaran basa Sunda di Kota Bandung téh umumna maké dua basa, nyaéta basa Indonésia jeung basa Sunda. Basa anu digunakeun biasana basa

campuran, balukarna éta basa jadi kamalayon. Nu matak, teu ahéng unggal pangajaran basa Sunda, barudak téh haré-haré. Ahirna, ieu masalah ngabalukarkeun siswa teu mampuh nulis karangan maké basa Sunda anu bener tur merenah. Tapi ieu hal geus biasa atawa lumrah, sabab siswa teu bisa diajar basa upama teu nyampak heula kasalahanana (Tarigan, 2011, kc. 2).

Katilu, kurangna kamampuh siswa dina ngagunakeun kecap pancén. Ieu masalah diébréhkeun ku salah saurang guru basa Sunda SMP Negeri 29 Bandung, Ibu Aat (08/09/ 2018, jam 16.00) ngébréhkeun yén kamampuh ngagunakeun kecap pancén siswa dina nulis karangan kurang ti 50%.

Dina karangan laporan kajadian, kapanggih dipakéna rupa-rupa kecap pancén. Prosés nyusun kecap anu dihasilkeun sacara lisan jeung tulisan tangtu béda-béda (Nugraha, Ngylim, & Nasucha, 2015, kc. 45). Nilik kana pamakéan basa manusa nu geus kaasup fase intelektual (hususna siswa SMP), unggal tulisanna ngahasilkeun mangrupa-rupa hal anu perlu diidentifikasi, salasahijina nyaéta kecap pancén.

Kecap pancén mangrupa aspék kabasaan anu penting dikawasa tur dipikanyaho ku siswa, lantaran upama hiji kalimah teu ngagunakeun kecap pancén, éta kalimah moal jelas atawa jéntré. Ieu mangrupa hal anu tangtu, sabab kecap pancén gunana pikeun ngajéntrékeun katut babaganana (Sudaryat spk., 2013, 139).

Éta warna kecap téh kudu diperhatikeun pisan dina nulis kalimah. Alwi (2003, kc. 287) ngébréhkeun yén kecap pancén mangrupa kecap nu miboga harti gramatikal, teu miboga harti léksikal. Harti kecap pancén teu ditangtukeun ku kecapna sacara mandiri, tapi patali jeung kecap séjén dina frasa atawa kalimah. Luyu jeung pamadegan Muslich (2010, kc. 107) nu nyebutkeun yén kecap pancén nyaéta kecap nu teu miboga ma'na léksikal, tapi miboga ma'na gramatikal. Ahli séjenna, saperti Chaer (2011, kc. 212) mah ngébréhkeun yén kecap pancén téh nyaéta kecap anu sacara inhern teu miboga ma'na, tapi miboga pancén dina sintakisis.

Kairutna nalungtik husus kecap pancén dina karangan laporan kajadian, lantaran réa kecap pancén anu teu miboga harti léksikal, tapi pangaruhna gedé pisan nalika maham eusi karangan. Ma'na ieu kecap pancén teu ditangtukeun ku kecapna

sacara mandiri, tapi patalina éta kecap jeung kecap séjén dina frasa atawa kalimah (Imbang, 2014, kc. 2). Misalna dina kalimah ‘Pelajaran Matematika ***mah*** hésé pisan asup kana uteukna ***téh***’. Kecap *mah* jeung *téh* ngantebkeun éta kalimah.

Ieu panalungtikan téh lain panalungtikan anu munggaran. Di antarana aya dua panalungtikan anu geus dilakukeun. Panalungtikan kahiji judulna “*Kasalahan Ngagunakeun Kecap Pancén dina Nulis Karangan Pangalaman Siswa Kelas X SMA Pasundan 3 Bandung*” anu ditalungtik ku Fadilah (2011). Ieu panalungtikan leuwih museur kana kasalahan ngagunakeun kecap pancén. Panalungtikan kadua dijudulan “*Kecap Pancén dina Karangan Éksposisi Siswa Kelas VII-11 SMPN 43 Bandung (Tilikan Struktur, Fungsi, jeung Harti)*” anu ditalungtik ku Nurmasari (2014) eusina medar negunaan kecap pancén dina karangan éksposisi. Sedengkeun anu rék ditalungtik ku panulis nyaéta kecap pancén dina karangan laporan kajadian siswa kelas VIII-B SMP Negeri 12 Bandung tilikan wangun jeung wanda. Nepi ka kiwari can réa anu nalungtik ngeunaan kecap pancén basa Sunda, hususna dina karangan laporan kajadian.

Dumasar kasang tukang di luhur, ieu panalungtikan anu dijudulan “*Kecap Pancén dina Karangan Laporan Kajadian Siswa Kelas VIII-B SMP Negeri 12 Bandung*” perlu dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah Idéntifikasi Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Aya sababaraha masalah anu kapaluruh di sakola ngeunaan kecap pancén dina karangan siswa, nyaéta:

- a. nurutkeun Sidiq (2017, kc. 5), kamampuh nulis karangan pangalaman pribadi siswa kelas VII SMP Negeri 10 Bandung nyaéta 49, hartina aya dina tahap anu handap. Nyoko kana pamadegan Arikunto (2007, kc. 254) yén dina nulis hiji karangan aya tingkatanna dumasar skor. Ari peunteun 40-55 aya dina tingkat anu handap;
- b. Lidiasari (2016, kc. 2) nandeskeun yén siswa jaman kiwari leuwih reueus ngagunakeun basa deungeun tibatan basa daerahna. Lian ti éta, basa panganteur anu digunakeun dina pangajaran basa Sunda di Kota Bandung téh umumna maké

- dua basa, nyaéta basa Indonésia jeung basa Sunda. Basa anu digunakeun biasana basa campuran, balukarna éta basa jadi kamalayon. Nu matak, teu ahéng unggal pangajaran basa Sunda, barudak téh haré-haré. Ahirna, ieu masalah ngabalukarkeun siswa teu mampuh nulis karangan maké basa Sunda anu bener tur merenah. Tapi ieu hal geus biasa atawa lumrah, sabab siswa teu bisa diajar basa upama teu nyampak heula kasalahanana (Tarigan, 2011, kc. 2);
- c. kurangna kamampuh siswa dina ngagunakeun kecap pancén. Ieu masalah diébréhkeun ku salah saurang guru basa Sunda SMP Negeri 29 Bandung, Ibu Aat (08/09/ 2018, jam 16.00) ngébréhkeun yén kamampuh ngagunakeun kecap pancén siswa dina nulis karangan kurang ti 50%; sarta
 - d. réa kecap pancén anu teu miboga harti léksikal, tapi pangaruhna gedé pisan nalika maham eusi karangan. Ma'na ieu kecap pancén teu ditangtukeun ku kecapna sacara mandiri, tapi patalina éta kecap jeung kecap séjén dina frasa atawa kalimah (Imbang, 2014, kc. 2).

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar idéntifikasi masalah di luhur, disusun rumusan masalah saperti ieu di handap.

- a. Kumaha wangun kecap pancén anu kapanggih dina karangan laporan kajadian siswa kelas VIII-B SMP Negeri 12 Bandung?
- b. Kumaha wanda jeung distribusi kecap pancén anu kapanggih dina karangan laporan kajadian siswa kelas VIII-B SMP Negeri 12 Bandung?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan dina ieu panalungtikan ngawengku dua tujuan, nyaéta 1) tujuan umum, jeung 2) tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan diayakeunna ieu panalungtikan nyaéta pikeun nganalisis sarta ngadéskripsiun kecap pancén nu aya dina karangan laporan kajadian siswa kelas VIII-B SMP Negeri 12 Bandung.

1.3.2 Tujuan Husus

Dina tujuan husus, ieu panalungtikan téh miboga udagan pikeun ngadéskripsiun:

- a. wangun kecap pancén anu nyampak dina karangan laporan kajadian siswa kelas VIII-B SMP Negeri 12 Bandung; sarta
- b. wanda jeung distribusi kecap pancén anu nyampak dina karangan laporan kajadian siswa kelas VIII-B SMP Negeri 12 Bandung.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikan ngawengku dua aspék, nyaéta 1) mangpaat tioritis, jeung 2) mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat di antarana:

- a. ngajembaran pangaweruh dina ngagunakeun kecap pancén anu luyu jeung kaédahtata kecap;
- b. mikanyaho kamampuh siswa dina ngagunakeun kecap pancén;
- c. ngeuyeuban paélmuan tata basa tur kamekaran élmu pangaweruh dina widang tata basa Sunda.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun sababaraha pihak, di antarana ditataan saperti ieu di handap.

a. Pikeun Siswa

Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré pangalaman pikeun siswa ngeunaan kaédahtata kecap pancén dina nulis karangan laporan kajadian.

b. Pikeun Guru

Ieu panalungtikan bisa dijadikeun sumber atawa dadasar dina ngalarapkeun aspek kabasaan, hususna tata kecap dina pangajaran nulis karangan laporan kajadian.

c. Pikeun Sakola/Institusi/Lembaga

Ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi bahan pikeun pihak anu aya patalina dina nangtukeun kawijakan-kawijakan, umumna pikeun nu miboga pancén ngaping siswa atawa milih tanaga pangajar, hususna dina widang basa sangkan tujuan pangajaran basa Sunda bisa kahontal.

d. Pikeun Panalungtik

Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré pangalaman cara ngagunakeun kecap pancén dina karangan laporan kajadian siswa kelas VIII-B SMP Negeri 12 Bandung.

1.5 Raraga Tulisan

Raraga tulisan ieu panalungtikan téh kabagi jadi lima bab. Ieu hal luyu jeung pedoman penulisasn karya tulis ilmiah Universitas Pendidikan Indonesia tahun 2019.

Bab 1 bubuka, eusina medar ngeunaan kasanag tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab 2 ulikan pustaka, panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir, eusina medar ngeunaan tiori-tiori anu aya dina panalungtikan, panalungtikan saméméhna, sarta raraga mikir dina ieu skripsi. Lian ti medar leuwih jero ngeunaan kecap pancén, watesan kalimah, kalungguhan kecap pancén, wangun kecap pancén, wanda pancén jeung kabasaan dina karangan, ieu bab ogé medar kalawan singget panalungtikan saméméhna ngeunaan kecap pancén tur raraga mikir dina nyusun ieu skripsi. Panalungtikan anu dilakukeun aya nu wangun skripsi ogé loba anu nalungtik dina wangun jurnal.

Bab 3 métode panalungtikan, eusina désain panalungtikan, data jeung sumber data, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, jeung téhnik ngolah data/léngkah-léngkah panalungtikan.

Bab 4 hasil panalungtikan jeung pedaran, dina ieu bab dipedar sacara gembleng hasil tina ngolah atawa nganalisis kecap pancén nu aya dina karangan laporan kajadian siswa kelas VIII-B SMP Negeri 12 Bandung.

Bab 5 kacindekan, implikasi, jeung saran, eusina mangrupa bagian pamungkas tina skripsi, nyaéta kacindekan tina sakabéh pedaran. Lian ti éta, aya saran nu ditepikeun keur nu maca. Éta saran téh tujuanna sangkan panalungtikan kahareupna bisa leuwih hadé.